



Travay rapid 16 jou sou branch Ashmont ak Mattapan yo Evènman pòt ouvè kominotè

VIN JWENN NOU !

**14 septanm | 6zè pou 8è nan aswè
Mattapan**

Immigrant Family Services Institute
1626 Blue Hill Ave, Mattapan

**19 septanm | 6zè pou 8è nan aswè
Ashmont**

VietAID Center | 42 Charles St., Boston

27 septanm | 6zè pou 8è nan aswè
Reyinyon piblik vityèl

**30 septanm | 1è pou 3zè nan apremidi
Ashmont**

Gran Sal nan Sant Sante Codman Square
637 Washington St, Boston

Nou ta renmen tande w. Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou enskri pou patisipe nan yon reyinyon piblik, tanpri konsilte :

[www.mbta.com/
AshmontMattapanUpgrades](http://www.mbta.com/AshmontMattapanUpgrades)

oswa voye yon imèl ban nou nan publicengagement@mbta.com.



14 pou 29 oktòb 2023

Branch Ashmont nan Liy Wouj la gen ladan l kèk nan ray ki pi ansyen nan tout sistèm nan. Pandan peryòd travay sa a, ekip nou yo pral renouvle enfrastrikti sa a nan chemen defè a—tankou ranplase ray, travès ak balas yo ant estasyon JFK/UMass ak Ashmont, pou rive atenn yon bon eta reparasyon sou chimen sa a epi elimine 28 restriksyon vitès pou rann depasman yo pi rapid.

Anplis sa a, nou pral fè yon rechèch aktif pou jwenn okazyon pou amelyore eksperyans pasajè yo nan amelyore estasyon yo, retire move zèb, ak fè travay pou rann sèvis la pi aksesib. Paske gen anpil pasajè sou liy Mattapan nan ki transfere nan Liy Wouj la nan estasyon Ashmont, travay sou toulede (2) liy sa yo nan menm tan pral amelyore fyabilite a ak sèvis la, epi l ap pèmèt nou minimize enkonvenyan travay sa yo ka poze pou pasajè yo.

Konstwi yon meyè T.



Amènajman :

Reyinyon piblik yo aksesib pou moun ki gen mobilite redwi/andikap ak moun ki pale yon lòt lang ke anglè kòm lang natif natal. Nou pral ofri amènajman pou aksesibilite ak entèpretasyon/tradiksyon nan lòt lang gratis ti cheri, sou demann, depi sèvis sa yo disponib. Pami sèvis sa yo, ou ka jwenn dokiman nan fòm altènatif, dokiman tradwi nan lòt lang, soutit ak entèprèt. Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou mande yon amènajman rezonab ak/oswa yon sèvis tradiksyon oswa entèpretasyon, tanpri voye yon imèl ban nou nan publicengagement@mbta.com oswa rele nou nan 857-327-3282. Ou ta dwe prezante tout demann omwen 10 jou anvan dat yon reyinyon piblik.